



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 11 LÒT KONPAYI KAP RANTRE NAN START-UP NY, KREYE PRESKE 200 DJÒB SOU SENK PWOCHEN ANE YO

Depi lansman l, 120 Biznis te rantre nan START-UP NY e yo te angaje pou kreye plis pase 3,340 Nouvo Djòb toupatou nan Eta

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke 11 lòt biznis planifye pou agrandi oswa lokalize nan Eta New York nan kad START-UP NY. 11 biznis ki te anonse jodia pral investi apeprè \$4.4 milyon e li te angaje pou kreye preske 200 nouvo djòb sou pwochen peryòd senkan nan zòn ki pa gen taks ki patwone pa SUNY Cobleskill, University nan Buffalo, SUNY Downstate, Mount Saint Mary College ak kolèj kominotè nan Konte Ulster. Konpayi sa yo rejwenn plis pase 110 konpayi ki deja ap patisipe nan pwogram inovè a ki kreye zòn ki pa gen taks ki asosye avèk kolèj ak inivèsite yo toupatou nan eta.

“START-UP NY ap chanje sitiyasyon an pou atire biznis epi kreye travay, e jodia nap kontinye wè pwogram nan bay rezilta pou ekonomi New York,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Zòn ki pa gen taks sa yo ap ranfòse ekonomi lokal yo toupatou nan eta epi rann li pi evidan pase anvan ke New York ouvè pou bizni. Mwen fyè pou m akeyi dènye konpayi sa yo nan pwogram lan, e map rete tann pou m wè yo grandi epi anboche plis Nouyòkè nan lavni.”

Enkli 11 konpayi ke yo te anonse jodia, START-UP NY kounye a gen angajman nan 121 konpayi – ki patwone pa 24 diferan kolèj ak inivèsite nan tout eta– pou kreye plis pase 3,340 nouvo djòb epi investi plis pase \$197 milyon nan kominote yo toupatou nan eta.

“START-UP NY kontinye pwouve ke New York se eta opòtinite, e pa gen pi bon kote pou kòmanse oswa devlope yon biznis,” te deklare Empire State Development Prezidan, PDG & Komisyonè Howard Zensky. “Anons 11 lòt konpayi jodia ki rejwenn pwogram lan demontre kijan START-UP NY ap ranfòse ekonomi eta, pwodui nouvo opòtinite travay epi jenere plizyè milyon dola nan investisman nan tout eta.”

Biznis yo ap elaji nan oswa lokalize nan Empire State anba START-UP NY pral kreye travay nan plizyè endistri kle, enkli jeni fizik ak syans lavi; bio-teknoloji (enkli rechèch ak

devlopman); sèvis konsepsyon grafik ak lojisyèl edisyon; ak manifakti avanse.

Biznis ki annaprè yo te rantre nan START-UP NY:

- Celmatix, Inc.
- For-Robin, Inc.
- ForaHealthyMe, Inc.
- GlucoGuide U.S. Corp.
- Ignition Life Solutions, Inc.
- IRX Therapeutics, Inc.
- KeepTruckin, Inc.
- Legion Hose Grip, LLC
- Regen Water, Inc.
- Rapt-It, LLC
- USA Intimates Manufacturers, Inc.

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, “Pwogram START-UP NY Gouvènè Cuomo a kontinye ap atire antreprenè ansanm avèk biznis nan Eta New York grasa rekonpans taks san parèy ak yon opòtinite inik pou kontinye grandi an patenarya avèk edikasyon siperyè. SUNY fyè dèske li patisipe nan pwogram inovè sa, ki elaji aksè a rechèch ak opòtinite ansèyman aplike pou etidyan nou ansanm avèk pwofesè nou yo pandan lap ogmante enpak nou sou ekonomi eta. Konpliman a chak nan kanpis kolèj yo nan akeyi nouvo biznis yo nan kominote yo.”

Detay adisyonèl sou dènye biznis yo ki apwouve pou START-UP NY nan fason ki annaprè a:

SUNY Cobleskill – 87 nouvo djòb

USA Intimates Manufacturers, Inc. se yon nouvo konpayi ki anglobe twa biznis distenk ki poko konekte: yon faktori kouti modèn ki konplete pake konplè rad; yon enkatatè konsepsyon modèl ki konekte kliyan avèk espesyalis yo; ak yon mak ekskliziv. Ansanm, yo bay yon chènn solisyon konplè. USA Intimates pral lokalize nan zòn ki pa gen taks la nan ansyen etablisman izin twal Guilford nan Cobleskill, kreye 87 nouvo djòb epi envesti \$1.92 milyon.

University nan Buffalo – 49 nouvo djòb

KeepTruckin, Inc. se yon konpayi ki baze Kalifònia ki pral elaji operasyon rechèch ak devlopman l nan Eta New York. Konpayi an ap devlope yon aplikasyon mobil ki pèmèt rejis chofè yo san papye ak sèvis jesyon flòt la nan endistri kamyon an. KeepTruckin planifye pou l elaji kapasite pwodui l pou enkli yon koneksyon elektwonik dirèk a motè veyikil nan fason pou jwenn done operasyon veyikil yo ki kapab transfere sou aparèy mobil e apresa nan magazen done ki baze sou cloud. KeepTruckin pral lokalize nan Baird Research Park nan Amherst, kreye 14 nouvo djòb epi envesti \$60,000.

Rapt-It, LLC se yon nouvo konpayi konsepsyon grafik ki pral bay kliyan yo yon fason inik pou modifiye, pèsonalize, epi dekore pòt yo ala segonn. Lè li itilize yon konsepsyon pwopriyete ak konsepsyon patant ki annatant, ki aplike fasilman epi soti nan pòt la san

domaj, yo ka re-itilize l'egalman, teknoloji a ideyal pou pwodui ki gen lisans ak mache dekorasyon pèsonalize. Rapt-It pral lokalize nan Sant Inovasyon Kanpis Medikal Buffalo-Niagara, kreye 12 nouvo djòb epi envesti \$60,000.

Ignition Life Solutions, Inc. se yon nouvo konpayi kap bay sèvis jesyon done popilasyon inovè nan endistri swen sante. Konpayi an ap devlope lojisyèl pou rekonèt vwa pou doktè ansanm avèk asirè yo ki pral itilize woman algoritm pou idantifye posib kòd medikal kap ogmante presizyon kòd bòdwo medikal ki chwazi, kidonk redwi erè nan bòdwo medikal epi diminye pèt revni. Ignition Life Solutions, Inc. pral lokalize nan UB Gateway Building, kreye 11 nouvo djòb epi envesti \$180,000.

Glucoguide U.S. Corp. se yon konpayi Kanadyen ki pral agrandi nan Eta New York. Konpayi an ap kreye yon entèfas itilizatè dinamik (Glucoguide), transferab nan smart-phones yo, sa ki fasilite kominikasyon entè-aktif avèk ekip analiz done konpayi an. Konpayi an itilize gwo done analitik pou analize abitud manje moun ansanm avèk lòt aspè nan lavi chak jou epi bay konsèy pèsònèl sou fason pou atenn bon sante pèsònèl. Konpayi an konsidere mache Etazini an kòm enterè prensipal li (prensipalman gwoup asirans sante, gwoup antrepriz byennèt, ak patikilye) nan ede pou kenbe moun yo ansante, redwi depans swen sante, diminye absanteyis ak amelyore moral anplwaye. Glucoguide pral lokalize nan Sant Inovasyon Kanpis Medikal Buffalo-Niagara, kreye senk nouvo djòb epi envesti \$15,000.

ForaHealthyMe (U.S.A.) Inc. se yon konpayi Kanadyen ki pral agrandi nan Eta New York. Konpayi an te devlope ForaHealthyMe.com, yon sit entènèt ak platfòm mobil ki valide klinikman ki pèmèt patikilye ansanm avèk moun kap bay swen pou pi byen enfòmè, abilite, epi angaje nan tretman ak jesyon kondisyon kwonik ki gen enpak elve. Konpayi an bay kontni edikasyon ak tretman maladi kwonik ak jeyson, zouti pou sipòte desizyon, ak sipò konfòmite medikaman pou pasyan yo ansanm avèk moun kap bay swen nan yon anviwonman vityèl. ForaHealthyMe pral lokalize nan bilding Gateway, kreye senk nouvo djòb epi envesti \$5,000.

For-Robin, Inc. se yon konpayi rechèch bio-teknik ak devlopman ki egziste deja nan Eta New York ke fi posede, te etabli pou revolisyone tretman kansè atravè tretman sibil pou kansè tete, kolon, pwostat, vesi ansanm avèk lòt kansè yo. Pwodui konpayi a otman spesifik JAA-F11 antikò ki lye a Thomsen-Friedenreich glycoantigen (TF-Ag), sa ki se yon sib inik ki eksprime nan sifas apeprè 80 pousan nan kansè tete, kolon, blad pipi, pwostat ansanm avèk lòt kansè men pa sou tisi nòmal yo. Yo ka itilize JAA-F11 avèk chimyoterapi pou touye selil timè a e li pral bloke selil timè yo pou yo pa metastaze. Yo pa prevwa toksisite depi TF-Ag, sib JAA-F11, pa nan tisi nòmal yo. Sifas selil kansè yo se sib avèk terapi antikò monoclonal imanize, baze sou lisans Pwopriyete Entèlektyèl Inivèsite nan Buffalo. Konpayi an pral lokalize nan Sherman Hall, kreye de nouvo djòb epi envesti \$5,000.

SUNY Downstate – 46 nouvo djòb

IRX Therapeutics, Inc. se yon biznis Eta New York ki egziste deja ki patisipe nan devlope biznis bio-famasetik. Gwo konpayi medikaman iminoterapi, IRX-2, montre

pwomès nan estope devlopman epi ede nan retire kansè ki afekte tèt ak kou. Konpayi an pa twò lontan de sa te anbake nan Faz IIB etid patenarya avèk yon gwo konpayi famasetik. IRX pral lokalize nan BioBAT enkibatè nan Brooklyn, kreye 38 nouvo djòb epi envesti \$950,000.

Celmatix, Inc. se yon konpayi bio-teknoloji ki egziste deja nan New York ki santre sou sante fi. Konpayi an pral eksplwate analiz jenomik prediktiv pou kreye pwodui ki pote pi gran klate nan tretman enfètilite epi pave wout la pou jesyon fètilite pwo-aktif. Woman dekouvèt rechèch yo te pèmèt yo devlope pwodui kap ede fi yo pran desizyon enfòmè sou fètilite yo epi bay doktè yo zouti ki nesèsè ki konplete dosye pasyan yo. Konpayi an ap pote tès dyagnostik jenetik epi bezwen pou etabli yon laboratwa pou atenn objektif sa a. Celmatix pral elaji nan enkibatè bio-teknoloji anba eta nan 760 Parkside Ave nan Brooklyn. Konpayi an pral kreye 8 nouvo djòb nèt epi envesti \$1.065 milyon dola.

Mount Saint Mary College – uit nouvo djòb

Legion Hose Grip, Inc. se yon nouvo konpayi ki te fèt epi manifaktire yon premye zouti san parèy pou itilize nan etènn dife. Pwodui a gen aplikasyon global e yo prevwa pou redwi nan fason mezirab nan blesi ak lanmò ki gen rapò avèk travay ak manipilasyon lans dife awot presyon. Legion Hose Grip pral lokalize nan depo ki vid nan Newburgh, Konte Orange, kreye uit nouvo jòb epi envesti \$57,250.

Kolèj Kominotè Konte Ulster – kat nouvo djòb

Regen Water, Inc. se yon nouvo manifakti sistèm tretman dlo potab ak dlo sala ki itilize prensipalman yon teknoloji manbran mikwo-filtrasyon. Kliyan prensipal yo se pral minisipalite ak antite prive yo ki bezwen tretman dlo potab ak dlo sal. Inite yo se pral kontra fabrike epi livre dirèkteman nan lokal travay la pou enstalasyon sou sit ak demaraj. Regen Water pral lokalize nan Kingston, kreye kat nouvo djòb epi envesti \$65,500.

Enfòmasyon sou START-UP NY

Daprè pwogram lan, biznis ki patwone pa kolèj ak inivèsite ki patisipe yo ki kreye nouvo djòb nèt pral fonsyone a 100 pousan san taks pandan 10 ane, yo pap peye taks revni eta, biznis oswa taks antrepriz eta oswa taks lokal, taks sou lavant, taks sou pwopriyete oswa frè franchiz. Konpayi yo te fè patenarya tou avèk enstitisyon edikasyon siperyè ki patwone yo, e yo gen kapasite pou jwenn aksè a ekspè nan endistri a ak laboratwa rechèch avanse ki asosye avèk lekòl yo.

A dat, 71 lekòl te patisipe nan START-UP NY, etabli preske 400 zòn ki pa gen taks, reprezante plis pase 4.4 milyon pye kare espas ki pa gen taks pou nouvo biznis ansanm avèk sa yo kap agrandi pou fonksyone nan oswa pre kanpis yo. Chak lekòl ki apwouve Plan START-UP NY disponib nan www.startup.ny.gov

START-UP NY gen ladan bon dispozisyon ki bay pwoteksyon kont fwod. Biznis yo oblijsoumèt sètifikasyon nan ESD, epi bay manti nan sètifikasyon yo se yon krim. Pwogram lan gen ladan tou dispozisyon sevè pou pwoteje kont abi tankou chanjman djòb pami ajans ki konsène yo oswa “k ap fè ti chanjman,” lè yon konpayi jis re-fòmè

anba yon nouvo non epi li deklare anplwaye li genyen deja yo se nouvo djòb kounye a. Mete sou sa, START-UP NY gen ladan mezi pou anpeche operasyon entèn ak konfli enterè. Lè gen fwod, Eta a ap gen dwa pou rekipere avantaj yo bay pou biznis yo. Konpayi ki pa satisfè kondisyon pwogram nan - tankou lè yo pa satisfè limit kreyasyon djòb yo - ka gen avantaj yo diminye, sispann oswa elimine. ESD gen otorizasyon pou l analize enfòmasyon konpayi an pou asire yo te kreye ak konsève djòb yo, epi pou mete yon pwen final nan patisipasyon konpayi ki pa kreye nouvo djòb ditou.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418